



# Kisa k ap pase nan lekòl leta Vil Nouyòk

عرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

[schools.nyc.gov/MessagesForFamilies](https://schools.nyc.gov/MessagesForFamilies)

## Novanm 2024

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou kalandriye ane lekòl ki ajou, enskripsyon nan kindergarten, delè pou aplikasyon k ap vini pou admisyon nan lekòl presegondè ak segondè, konsèy pou aprantisaj adistans, ak enskripsyon pou yon Kont Lekòl Vil Nouyòk.

### Kontni

- **Mizajou enpòtan nan kalandriye vakans ivè**
- **Admisyon pou kindergarten ap kòmanse 10 desanm**
- **Rapèl: Delè pou admisyon ki gen pou rive**
- **Gid pou aprantisaj adistans**
- **Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA)**

### Mizajou enpòtan nan kalandriye vakans ivè

Mwa pase a, nou te anonse ke **lendi 23 desanm**—ki te deja pwograme kòm yon jou lekòl nan kalandriye lekòl 2024-2025 lan—se yon jou konje pou elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) kounye a. Chanjman sa a ap pèmèt elèv, estaf ak fanmi pase plis tan ansanm pandan sezon fèt la, pandan tou l ap pèmèt nou satisfè egzijans 180 jou ouvrab pou ane lekòl nou an. Ou ka jwenn vèsyon kalandriye nou an ki pi ajou a sou sitwèb NYCPS la nan [schools.nyc.gov/calendar](https://schools.nyc.gov/calendar). Nou espere ou amize w pandan tan sa a!

### Admisyon pou kindergarten ap kòmanse 10 desanm

Apati **madi 10 desanm**, timoun Vil Nouyòk ki fèt an 2020 kapab patisipe nan admisyon kindergarten pou otòn 2025. Ou ka ajoute pwogram kindergarten pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) ak pwogram an de lang nan aplikasyon pitit ou a nan [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc); Y ap detèmine elijiblite pou G&T apre w fin aplike. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis admisyon nan kindergarten ane sa a, ale sou sitwèb ofisyèl "Kindergarten" nou an nan [schools.nyc.gov/K](https://schools.nyc.gov/K).

Aplikasyon kindergarten pou otòn 2025 lan ap fèmen **vandredi 24 janvyè 2025**.

---

## Rapèl: Delè pou admisyon ki gen pou rive

Gen de delè enpòtan pou admisyon k ap vini nan kòmansman mwa desanm. Aplikasyon lekòl segondè pou otòn 2025 lan ap fèmen **mèkredi 4 desanm**, epi aplikasyon lekòl presegondè pou otòn 2025 lan ap fèmen **vandredi 20 desanm**. Pou aprann kòman pou voye aplikasyon w lan ale epi jwenn plis detay sou chak pwosesis, ale sou [schools.nyc.gov/Admissions](https://schools.nyc.gov/Admissions).

---

## Gid pou aprantisaj adistans

Pandan sezon ivè a ap pwoche, li enpòtan pou sonje si bilding lekòl dwe fèmen akòz move tan, elèv ki nan klas kindergarten ak pi wo pral patisipe nan aprantisaj adistans apati lakay yo. Timoun k ap patisipe nan LYFE oswa nan yon pwogram 3-K oswa Pre-K nan yon lekòl primè oswa yon Sant Pre-K ta dwe patisipe nan eksperyans aprantisaj adistans lan dapre sa pwogram yo a mete a.

Si pitit ou a toujou bezwen prete yon aparèy ki fonksyone avèk entènèt nan men NYCPS, ou ka mande youn nan lekòl ou a dirèkteman. Ou ka jwenn konsèy sou fason pou kòmanse itilize iPad oswa laptop yo prete w la nan [schools.nyc.gov/NYCPSdevices](https://schools.nyc.gov/NYCPSdevices).

Familyarize w alavans avèk resous pitit ou a bezwen pou patisipe nan aprantisaj adistans lan:

- Elèv ka jwenn aksè nan tout platfòm teknoloji NYCPS yo pral bezwen pou aprantisaj adistans atravè **Kont elèv NYCPS** yo, (yo rele tou Kont elèv DOE), ki te kreye otomatikman lè pitit ou a enskri lekòl. Avèk Kont elèv NYCPS, elèv ak fanmi ka konekte avèk tout zouti aprantisaj dijital NYCPS avèk yon sèl koneksyon. Jwenn plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/StudentAccounts](https://schools.nyc.gov/StudentAccounts).
  - Si w gen dout sou non itilizatè (username) ak modpas (password) kont NYCPS pitit ou a, tanpri ale sou [selfservice.schools.nyc](https://selfservice.schools.nyc) oswa mande lekòl ou a èd.
- Aprann plis sou zouti aprantisaj dijital, aplikasyon ak platfòm NYCPS itilize nan [schools.nyc.gov/DigitalLearning](https://schools.nyc.gov/DigitalLearning).

---

## Kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools, NYCSA)

Kreye yon **kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA)** lè ou suiv entriksyon yo nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA). Ou ka itilize NYCSA pou w rete okouran sou nòt pitit ou a, mwayen transpò, prezans, Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) (si sa aplikab), ak plis toujou.

Ou kapab tou:

- Ranpli epi siyen fòm dijital pou lekòl pitit ou a
- Jwenn aksè nan resous NYCPS pou fanmi tankou Parent University ([parentu.schools.nyc](https://parentu.schools.nyc)) ak SupportHub ([supporthub.schools.nyc](https://supporthub.schools.nyc))
- Resevwa enfòmasyon nan men gwoup paran tankou Konsèy edikasyon kominotè ak vil la (Community and Citywide Education Councils, CCEC) ak Asosyasyon paran/Asosyasyon paran pwofesè (PA/PTA) lekòl ou a